दिन–बुधवार दिनांक–17.04.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

लोकसभा चुनावक पहिल चरणक अंतर्गत उन्नैस अप्रैल के होबऽवला मतदान लेल आइ सांझ चुनाव प्रचार समाप्त भऽ गेल। नक्सल प्रभावी क्षेत्र मे चुनाव प्रचार तीन बजे जखनकि आन ठाम सांझ पाँच बजे समाप्त भेल। पहिल चरण मे चारि लोकसभा सीट औरंगाबाद, गया, नवादा आ जमुई मे चुनाव कराओल जायत। नक्सल प्रभावित क्षेत्र मे सवेरे सात बजे सँ तीन बजे धरि जखनकि आन क्षेत्र मे सवेरे सात बजे सँ पाँच बजे धरि मतदान कराओल जायत।

---

लोकसभा चुनावक चारिम चरण लेल अधिसूचना काल्हि जारी कयल जायत। एकर बाद नामांकनक काज शुरू भऽ जायत। उम्मीदवार पच्चीस अप्रैल धरि नामांकन कऽ सकताह। नामांकन पत्रक जाँच छब्बीस अप्रैल के होयत। नाम वापस लेबाक अंतिम तिथि उनतीस अप्रैल अछि। चारिम चरणक मतदान तेरह मई के होयत। एहि चरण मे प्रदेशक पाँच संसदीय सीट दरभंगा, उजियारपुर, समस्तीपुर, बेगूसराय आ मुंगेर मे मतदान कराओल जायत।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ उप–मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ पटना मे एक संवाददाता सम्मेलन मे लोकसभ सँ भारत के विकसित बनेबाक लेल एनडीएक पक्ष मे मतदान करबाक अपील कयलनि।

---

समस्तीपुर लोकसभा क्षेत्र सँ एनडीए प्रत्याशी लोजपा रामविलासक शाम्भवी चौधरी आइ कुशेश्वरस्थान क्षेत्र मे जन संपर्क अभियानक माध्यम सँ लोकसभ सँ भोट देबाक अपील कयलनि।

---

मधुबनी लोकसभा क्षेत्र सँ इंडी गठबंधनक प्रत्याशी अली अशरफ फातमी आइ सम्पर्क अभियानक क्रम मे कहलनि जे जहिना ओ दरभंगाक सांसदक रूप मे काज कयने छलाह, ओहिना जीत भेलाक बाद मधुबनी लेल विकासक काज करत।

———————————————————————

सहरसाक मतदाता लोकनि के मतदान लेल प्रेरित करबाक उद्देश्य सँ चहरा प्रखंडक सुलिंदाबाद, दिवारी, मुरलीवसंतपुर समेत विभिन्न गाम मे जीविकाक माध्यम सँ जागरूकता अभियान चलाओल गेल।

———————————————————————

रामनवमीक पर्व आइ पारम्परिक श्रद्धा आ उल्लासक संग मनाओल जा रहल अछि। एहि बेर अयोध्या मे रामनवमीक विशेष धूम रहल। नवनिर्मित श्रीरामलला मंदिर मे पहिल बेर रामललाक जन्मोत्सव मनाओल गेल आ हुनका सूर्यतिलक कयल गेल। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी रामललाक सूर्यतिलक के डिजिटल माध्यम सँ देखलनि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री मोदी कहलनि जे लाखों भारतीय जकाँ हुनका लेल सेहो ई एक भावुक क्षण अछि। एम्हर, सम्पूर्ण प्रदेश मे सेहो रामनवमी के लऽकऽ विशेष चहल–पहल देखल जा रहल अछि। कतेको ठाम झांकी निकालल जा रहल अछि। रामनवमीक अवसर पर विभिन्न मंदिर सभ के आकर्षक ढंग सँ सजाओल गेल अछि आ विशेष पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। लोकसभ अपन–अपन घर मे सेहो अनुष्ठान कऽ प्रभु राम आ भक्त हनुमान के पूजा–अर्चना कयलनि। सीतामढ़ीक पुनौराधाम मंदिर मे भक्त लोकनिक विशेष भीड़ देखल गेल। एम्हर, पटनाक हनुमान मंदिर मे दर्शन लेल सेहो लोकसभक पैघ पांति लागल रहल। हमर दरभंगा संवाददाता कहलनि अछि जे उत्सवी माहौल मे विभिन्न अखाड़ा सँ आकर्षक झांकी निकालल गेल। एहि अवसर पर विभिन्न ठाकुरबाड़ी आ मंदिर मे विशेष पूजा–अर्चना भेल। घर–घर मे पूजा–पाठक संग ध्वजाक स्थापना सेहो कयल गेल।

———————————————————————

धार्मिक अनुष्ठानक मध्य वासंती नवरात्रक अंतिम दिन आइ देवी दुर्गाक सिद्धिदात्रीक स्वरूपक पूजा–अर्चना भेल। भक्त लोकनि एखन संध्या आरतीक तैयारी मे लागल छथि। एहि अवसर पर कन्या पूजन सेहो कयल गेल। दरभंगाक श्यामा मंदिर, सहरसाक उग्रतारा स्थान, समस्तीपुरक मुजौना स्थित भगवती स्थान सहित विभिन्न शक्तिपीठ, सिद्धपीठ आ देवी मंदिर मे भक्त लोकनिक भीड़ देखल गेल। मान्यताक अनुसार, देवीक नवम स्वरूपक पूजन सँ सिद्धि प्राप्त होइत अछि।

———————————————————————

राजधानी पटना समेत प्रदेश मे गर्मीक प्रकोप बढ़ि गेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पूर्वी चंपारणक मोतिहारी आ शेखपुरा जिला मे लू चलबाक स्थिति बनल रहल। विभिन्न भाग मे अधिकतम तापमान मे तीन सँ चारि डिग्री सेल्सियस वृद्धि दर्ज कयल गेल। बेयालीस डिग्री सेल्सियसक संग शेखपुरा प्रदेशक सभ सँ गर्म स्थान रहल। मौसम विभाग अगिला पाँच दिन धरि प्रदेशक अधिकांश भाग मे उष्ण लहर आ लू चलबाक संभावना व्यक्त कयलक अछि।

———————————————————————

बेगूसराय जिलाक बछबाड़ा थाना क्षेत्र अंतर्गत भगवानपुर दियारा मे एक चुल्हि सँ निकलल लुत्ती सँ भेल अग्निकांड मे बीस घर जरिकऽ छाउर भऽ गेल। ओतहि जिलाक अमरपुर पंचायत मे थ्रेसर सँ निकलल आगि सँ दस बीघाक गहूँम जरि गेल। दोसर दिस सिवानक बड़हरिया प्रखंडक सुन्दरी गाम मे भेल अग्निकांड मे एक दर्जन सँ बेसी मावेशी जरि गेल। खगड़िया बेलदौर थाना क्षेत्रक सदा टोल मे भोजन बनेबा काल लागल आगि सँ पाँच घर जरि गेल।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।